DSHS WASHINGTON STATE Department of Social and Health Services

Office of Refugee and Immigrant Assistance (ORIA)

Otorizasyon pou Pibliye Enfòmasyon

Authorization to Release Information

Mwen menm, _____ (Non kliyan), dakò pou bay enfòmasyon m yo

_____ (Founisè Sèvis) pou resevwa sèvis epi mwen ba yo pèmisyon pou pataje enfòmasyon m yo ak Biwo Asistans Refijye ak Imigran nan Washington ki nan Depatman Sèvis Sosyal ak Sante. Mwen rekonèt enfòmasyon sa a ka pataje ak lòt founisè sèvis ORIA finanse, epi ORIA ka rapòte enfòmasyon m yo bay Biwo Reyentegrasyon Refijye Etazini (ORR) nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal kòm yon egzijans règleman federal yo. Enfòmasyon mwen pataje yo ka gen ladan yo bagay tankou enfòmasyon demografik debaz, enfòmasyon pou kontakte w, ak sitiyasyon imigrasyon w. Y ap pataje enfòmasyon m yo sèlman pou kowòdone epi ede jwenn aksè a sèvis plizyè lang ak sèvis ki apwopriye pou kilti a, epi pou rapòte enfòmasyon m yo bay ORR. Yo ka pataje enfòmasyon m yo an pèsòn, pa imel oswa pa mwayen elektwonik, oubyen pa lapòs.

Tanpri sonje: Si dosye kliyan w lan gen ladan nenpòt nan enfòmasyon ki annapre yo, ou dwe ranpli tou seksyon sa a pou w ajoute dosye sa yo.

Mwen bay pèmisyon m pou divilge dosye ki annaprè yo (tcheke tout sa ki aplike):

☐ Sante mantal ☐ Rezilta tès VIH/SIDA ak MST, dyagnostik, oswa tretman

☐ Twoub itilizasyon dwòg

Tanpri koche youn nan bagay ki annapre yo:

☐ Mwen pa bezwen sèvis entèpretasyon epi mwen li fòmilè konsantman sa a epi mwen konprann li nèt.

☐ Yon entèprèt ki gen nimewo/non _____ li fòmilè sa a pou mwen. Moun sa a oswa òganizasyon an pale Anglè byen ak lang matènèl mwen, epi mwen konprann konsantman an nèt.

- Otorizasyon sa a pou dpataje enfòmasyon valab pou yon ane apati dat li siyen an oswa jiska _____.
- Mwen ka anile oswa revoke otorizasyon sa a pou pataje enfòmasyon nenpòt lè pa ekri, men sa p ap afekte okenn enfòmasyon ki deja pataje.
- Yon kopi nan fòmilè sa a valab pou m bay pèmisyon pou yo pataje dosye yo.

Siyati Kliyan / Reprezantan Kliyan an Dat	Nimewo dosye kliyan oswa nimewo etranje

Siyati paran oswa responsab legal Dat	Siyati anplwaye founisè sèvis la Dat

Avi pou moun k ap resevwa enfòmasyon: Si dosye sa yo gen ladan enfòmasyon sou HIV, STD yo, oswa SIDA ou ka pa kapab divilge enfòmasyon sa a san pèmisyon spesifik kliyan an. Si w te resevwa enfòmasyon ki gen rapò ak dwòg oswa abi alkòl sou kliyan an, ou dwe ajoute deklarasyon ki annapre a lè wap pataje enfòmasyon anplis jan sa nesesè daprè 42 CFR 2.32:

Yo te divilge enfòmasyon sa a ba ou apati dokiman pwoteje nan règleman sou konfidansyalite Federal (42 CFR pati 2). Règleman Federal yo entèdi w pou fè plis divilgasyon nan enfòmasyon sa a sof si plis divilgasyon otorize ekspreseman pa konsantman alekri moun an kesyon an oswa jan li otreman otorize pa l42 CFR pati 2. Yon otorizasyon jeneral pou divilgasyon enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon PA ase pou rezon sa a. Règleman Federal yo restrenn tout itilizasyon enfòmasyon an pou ankete oswa pouswiv kriminèlman tout pasyan ki abize alkòl oswa dwòg.